

GUGURITAN

Dingding Haerudin*)

Guguritan kagolong kana karangan ugeran dina wangun puisi heubeul. Pangna disebut karangan ugeran lantaran kaiket ku Patokan anu tangtu, nya eta Patoka pupuh. Sawatara urang ahli netelakeun watesan ngeunaan guguritan. Yus Rusyana (1992:94) nyebutkeun yen guguritan nya eta karangan pondok anu disusun make patokan pupuh. Iskandarwassid dina *Kamus Istilah sastra* (1992:46) nyebutkeun yen guguritan teh nya eta karangan puisi mangrupa dangding anu teu kawilang panjang.

Nurutkeun wangunanana, guguritan kaasup wangun ugeran, nya eta kauger ku patokan pupuh. Ku lantaran teu panjang tea biasana mah ukur ukur diwangun ku hiji pupuh, tara gunta-ganti pupuh cara dina wawacan, sarta ilaharna eusina henteu ngawujud carita (naratip). Dibacana biasana mah dihariringkeun make lalaguan anu geus matok keur pupuh eta. Atawa ngahaja jadi rumpaka dina pagelaran seni tembang Cianjuran. Dumasar kana hasil panalungtikan Yus Rusyana jeung Ami Raksanagara (1980) pupuh anu pangmindengna digunakeun dina guguritan teh nya eta (nungturun) asmarandana, dangdanggula, kinanti, jeung sinom. Hal ieu bias jadi aya patalina jeung kabeungharan variasi lagu keur pupuh eta, atawa jeung sipat lalaguanana.

Guguritan teh geus lila gelarna dina sastra Sunda. Ti abad ka-19 geus loba anu ngangggit guguritan. Taun 1822-1866 R. Haji Muhammad Musa nangggit *Wulang Krama*; taun 1865 R.A. Bratadiwijaya nangggit *Asmarandana Lahir Batin*; taun 1892 Haji Hasan Mustapa ngangggit welasan rebu pada guguritan, upamana wae *Kinanti Ngahurun Balung*, *Asmarandana Babalik Pikir*, *Sinom Pamulang Tarima*, *Dangdanggula Pamolah Rasa*, jeung sajabana. Di handap conto guguritan *Laut Kidul* karya Kalipah Apo.

DANGDANGGULA

Laut Kidul kabeh katingali
Ngembat paul kawas dina gambar
Ari ret ka tebeh kaler
Batawi ngarunggunuk
Lautna mah teu katingali
Ukur lebah-lebahna
Semu-semu biru
Ari ret ka tebeh wetan
Gunung Gede jiga nu ngajakan balik
Meh bae kapiuhan

Matak waas pacampur jeung sedih
Gunung-gunung kabeh narembongan
Gunung pangrango ngajogo
Bangun nu diharudum
Ngadagoan nu tacan sumping
Nyeri dumeh ditilah
Mani alum nguyung
Nguyung wuyung karungrungan
Ngan dijieun pangrango ciciren nagri
Nagara Pajajaran
...

Wantu-wantu sindir mah sasindir
Wantu-wantu basa mah sabasa
Ngan beda nu kapiraos
Catur Ki juru pantun
Anu kalangkung berbudi
Pantun di Pajajaran
Nu ti kun-payakun
Ngaho pieusieunana
Sindir hiji di mana waliwis mandi
Mandi di pangguyangan

Pangguyangan pangguyangan kuring
Pangguyangan pangguyangan urang
Urang nu keur ngalalakon
Lalakon nu keur ngalun
Pada-pada boga pamanggih
Pada boga carita
Pada boga galur
Gok amprok jeung sasamana
Mararantun aya nu pait nu amis
Baralik kari ngaran.

Salian ti pupuh nu opat, nya eta kinanti, sinom, asmarandana, dangdanggula, aya oge pupuh sejenna, nya eta mijil, magatru, pangkur, durma, pucung, balakbak, maskumambang, wirangrong, gambuh, gurisa, lambang, ladrang, jeung jurudemung. Nilik kana eusina mah guguritan teh aya nu ngebrehkeun piwulang, kaendahan alam, kanyaah ka sasama jalma, pacabakan, musibat alam, kasedih, atikan agama.

Yus Rusyana (1992:95) nyieun papasingan guguritan dumasar kana eusina jadi lima rupa, nya eta : 1) piwulang, upamana wae, *Wulang Krama*, *Wulang Murid*, *Wulang Guru* karangan R. Haji Muhamad MusaAsmarandana *Lahir Batin* karangan R.A. Bratawijaya: 2) pangalaman kabatinan, contona guguritan karangan Haji Hasan Mustapa³) kawaasan alam, contona *Dangdanggula Laut Kidul* karangan Kalipan Apo, 4) kajadian, contona *Kiamat Leutik* karangan Tubagus Jayadilaga, jeung 5) surat, biantara, jeung buka pintu. Guguritan anu eusina surat jeung biantara, upamana anu dikumpulkeun ku R. Danureja dina buku *Serat-sinerat Jaman*

Jumenengna Raden Haji Muhammad Musa(1929). Guguritan buka pintu sok di hialeungkeun dina upacara buka pintu di nu kawinan.

Ieu di handap aya sababaraha rupa conto guguritan.

KEMBANG ROS

Kinanti

Kembang ros ku matak lucu

Nya alus rupa nya seungit

Henteu aya papadana

Retuning kembang sajati

Papas di patamanan

Seungit mani ngadalingding

Nu wungu matak kayungyun

Nu gading anghudang sari

Anu bodas matak waas

Beureum koneng wuwuh manis

Mun hantem diawas-awas

Beuki tambah narik ati

KEMBANG DUPA

Sinom

Aya hiji rupa kembang

Rarangeuyan tapi leutik

Rupana bodas kacida

Matak lucu liwat saking

Hanjakalna teu seungit

Lamun ku urang diambung

Kitu oge ti peuting

Sumeleber nyambuung sapakarangan

Seungit lain kaulinan

Leleb manis ngadalingding

Matak bungah mamananan

Matak resmi kana piker

Lamun urang ti peuting

Seug di buruan ngalantung

Keur nuju caang bulan

Ngambeu kembang dupa seungit

Karasana sumerep saluar badan

ASMARANDANA LAHIR BATIN

R.A. Bratawijaya

Eling-eling masing eling

Rumingkang di bumi alam

Darma wawayangan bae

Raga taya pangawasa

Lamun kasasar nya lampah

Napsu nu matak kaduhung

Badan anu katempuhan

Jisim nu ngarasa nyერი

Raga nu ngarasa lara
Hate nu ngarasa cape
Hareudang nyandang wiwirang
Purwa perbawa hawa
Ujub sumaah takabur
Ria ku panggoda setan

Ulah sirik ka pangampih
Ulah nyacad ka nu lian
Deungeun pikeun tuladan
Hade goring kasawang
Ukur ku tangtung sakujur
Sasaran di badan urang

Anu mangpaat ka diri
Taya batan kahadean
Hade ucap hade hate
Hatena sabar tawekal
Pinuji kinasihan
Teu munjuk luhur adigung
Nya eta jalma budiman.

WULANG MURID
R. Haji Muhammad Musa]

Sinom
Ieu tembang pangajaran
Pilampaheun anak murid
Poma-poma masing yatna
Metakeun awak pribadi
Kudu cengeng nya piker
Nya diajar masing cucud
Ulah salah tarima
Nu asih dipulang sengit
Masing nyaah ka ibu sarta ka rama

Kacida ngarep-ngarepna
Nu matak diperih ati
Diasupkeun ka iskola
Dipalar pinter jeung rajin
Sepuh teh moal sudi
Mun bijil teu mawa elmu
Lengoh taya kabisa
Rugi henteu meunang bati
Taya pisan kabalesna kasusahan

Sabot aya di iskola
Sepuh pirang-pirang rugi
Makayakeun awak urang
Sasat urang hutang asih
Kudu oge dipikir
Pigeusaneun urang naur
Nya eta pangmayarna
Ku wekel temen nya ngaji
Sepuh suka ningalikeun urang bisa

SINOM

TEJAMANTRI

Alloh Nu Maha Iasa,
Alloh Anu Maha Nyaksi,
Ngilangkeun beungberat rasa,
Ngajembaran ati runtik,
Bangbaluh jadi leungit,
Muhammad nabi pinunjul,
Sumebar wawangenna,
Ku pitulungna Illahi,
Kasulitan kasilih kautamaan.

Saetuna sanyatana,
Sanggeus pinanggih kabungah,
Hate longsong hampang himping,
Sabab pasti tur yakin,
Tas bingung tinemu nanjung,
Jeung lamun beres hanca,
Pigawe nu sejen deui,
Mung ka Alloh urang wajib nya neneda.

Karangan ugeran anu disusun make partokan pupuh the lain ngan guguritan wungkul, tapi anu disebut wawacan deui. Bedana guguritan jeung wawacan nya eta; guguritan mah umumna eusina mangrupa karangan anu pondok. Wawacan mah mangrupa karangan panjang. Hal ieu luyu jeung katerangan anu dijentrekeun ku M.A Salmun (1963:54) anu netelakeun yen wawacan mah mangrupa puisi anu dibukukeun. Wawacan mah diwangun ku sababaraha pupuh, sarta reana warna pupuh gumantung kana panjang-pondokna carita atawa kandel-ipsisna buku. Jadi tetela, bedana guguritan jeung wawacan the nya eta ditilik tina panjang pondokna karangan.

Di sagedengeun kauger ku patokan pupuh, guguritan oge diwangun ku unsur anu sarua jeung unsur wangun ugeran sejenna, upamana puisi (sajak). Unsur-unsur guguritan the diwangun ku sababaraha bagian, nya eta unsur anu aya patalina jeung struktur jero, kayaning *tema, rasa, nada, jeung amanat*; sarta unsur anu aya patalina jeung struktur luar, nya eta pilihan: *pilihan kecap, imajinasi, lambing, majas, wirahma jeung pedotan, purwakanti, guru lagu, jeung guru wilangan*.

*) Dosen Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah FPBS UPI

Isi tulisan di atas orisinal karya sendiri yang diambil dari beberapa sumber

Salmun, M.A. 1958. *Kandaga Kesusastraar*. Jakarta: BP

Iskandarwassid. 1922. *Kamus Istilah Sastra*: geger Sunten.

Rosidi, Ajip. 1967. *Ngalanglang Kasusastraan Sunda*. 1983. Jakarta: Pustaka Jaya.